

Kontra Mèt kay pou Èd Espesyal Yon Sèl Fwa (“SOTA”) pou Apatman (Haitian Creole)

Enfòmasyon sou Pwopriyete ak Inite Lojman

Adrès Pwopriyete a:	
Inite:	
Non Pwopriyete a:	

Inite lojman yo endike anwo a (“Inite” a), yo lwe li pou omwen yon lane ki kòmanse nan dat

_____ jiska: _____ .
 (“Dat Kontra Lwaye a Kòmanse”) (“Patisipan ki nan Pwogram lan”)

Tanpri li Kontra a avèk anpil atansyon, bay enfòmasyon ki obligatwa yo, epi, si ou konprann ak aksepte tout kondisyon yo deklare anba la, siyen devan yon notè piblik nan kote yo bay nan anba a.

Enfòmasyon sou Pwogram lan

Pwogram SOTA ap fè yon ane peman lwaye sou non Patisipan Pwogram SOTA a pou lwe Inite apatman an. Yo pral fè peman yo banmwèn chak mwa. Montan masyèl mwèn resevwa yo pral _____. Aprè yon (1) lane Sibvansyon SOTA a bay garanti, Patisipan Pwogram lan ap responsab pou tout lòt peman lwaye yo.

(Vire paj la)

Enfòmasyon sou Pwopriyetè a

Tanpri chwazi youn nan opsyon sa yo:

- ☐ Mwen se pwopriyetè inite lojman ki idantifye anwo a.
- ☐ Si m ap lwe yon inite lojman nan Vil New York la, mwen se Ajan Antretyen ki Kalifye pou Inite yo idantifye anwo a epi mwen tache la a yon prèv anrejistremant nan HPD ki ajou.
- ☐ Se mwen ki otorize pou siyen kontra sa a ak papye fèmaj la nan non pwopriyetè inite yo idantifye anwo a epi mwen mete prèv otorizasyon sa a ladan li.

Enfòmasyon sou Peman

Yo dwe fè tout chèk yo bay _____ nan non
_____.
(Pwopriyetè)

Relasyon ki gen ant Benefisyè Peman ak Pwopriyetè a: _____

Nimewo Telefòn Benefisyè Peman an: _____

Yo dwe voye Chèk yo nan kourye lapòs nan adrès sa a:

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Mwen konprann mwen pral resevwa peman chak mwa pou _____ pou Inite a pou yon
lane k ap kòmanse nan dat _____.

(Vire paj la)

Si se yon koutye ki lwe Inite a, mwen deklare:

- (a) Koutye a pa gen okenn dwa pwopriyete sou pwopriyete a.
- (b) Pwopriyetè a p ap resevwa okenn pati nan frè onorè koutye a ni dirèkteman ni endirèkteman nan men koutye a.
- (c) Yo pa kapab lwe lokal yo san sèvis koutye ki anba a:

Koutye:	
Nimewo Lisans (si genyen):	
Adrès:	

Egzijans Pwopriyetè

1. Daprè règ pwogram SOTA a, mwen konprann mwen dwe:
 - (a) Respekte tout estanda aplikab kòd edifis ak lojman yo epi asire Inite a moun kapab viv ladan li nan moman y ap lwe li a epi pandan peryòd lokasyon Patisipan ki nan Pwogram lan;
 - (b) Pa fè egzijans, mande, oswa resevwa yon montan ki siperyè ak lwaye a oswa frè rezonab yo te preskri nan oswa kontra lwaye a;
 - (c) Aksepte kupon garanti DSS la nan plas yon depo garanti lajan kach epi mwen pa pral mande patisipan ki nan pwogram lan okenn depo garanti adisyonèl ankò;
 - (d) Konsidere peman SOTA ki bay nan dènye jou nan mwa a kòm peman alè pou pri lwaye Inite a pou mwa a, kèlkeswa nenpòt dispozisyon kontrè ki nan kontra lwaye a;
 - (e) Pa deplase yon Patisipan nan yon inite pou mete li nan yon lòt san apwobasyon alekri davans nan men ni HRA ni Patisipan nan Pwogram lan;
 - (f) Enfòm DSS nan 5 jou ouvrap oplita apre ou fin konnen Patisipan nan Pwogram lan pa abite nan Inite a ankò;
 - (g) Mete DSS ak otorite minisipal lokal yo ajou nan 5 jou ouvrap si yo kòmanse nenpòt demach jiridik ki afekte peryòd lokasyon patisipan ki nan pwogram lan epi sèvis kopi nenpòt pwosè nan otorite minisipal lokal la;
 - (h) Enfòm DSS dèke sa posib yon fason rezonab pwopriyetè oswa jesyon lokal yo chanje;
 - (i) Retounen tout peman ki soti nan Pwogram SOTA a bay DSS pou nenpòt peryòd kote Patisipan nan Pwogram lan pa te abite nan Inite a;
 - (j) Deklare touswit epi retounen bay DSS nenpòt peman an plis lwaye, sa gen ladan, men se pa sa sèlman: peman an plis ki te rive akòz move enfòmasyon yo te bay DSS, oswa chanjman nan pwopriyetè, benefisyè, ak/oswa manajman.

(Vire paj la)

Egzijans Pwopriyetè yo (swit)

2. Mwen konprann mwen dwe voye notifikasyon ki obligatwa bay DSS alekri nan:

**SOTA Program
NYC Human Resources Administration
150 Greenwich Street, 36th Floor
New York, NY 10007**

Mwen konprann si mwen gen nenpòt kesyon, mwen ka rele tou nan **718-557-1373**.

DSS pral montre mwen kijan pou mwen ranbouse tout lajan ki anplis nan moman yo te deklare lajan ki anplis sa yo.

3. Pou Tout Inite yo:

Mwen konprann avan mwen siyen yon kontra lwaye pou lojman yo te konstwi avan 1978, lwa federal la egzije mwen bay lokatè a:

- (a) Yon depliyon enfòmasyon EPA apwouve sou idantifikasyon ak kontwòl penti abaz plon; epi
- (b) Tout enfòmasyon yo konnen konsènan prezans penti abaz plon oswa danje ki gen rapò ak penti abaz plon nan kay la oswa edifis la; epi
- (c) Yon dokiman siplemantè oswa yon klopz yo mete nan kontra lwaye a, ki gen ladan li "Deklarasyon Avètisman sou Plon" epi konfime mwen te respekte tout egzijans notifikasyon yo.

Pou Inite yo ki andedan Vil New York Sèlman:

Anplis sa yo di anwo a, mwen te li dokiman siplemantè a "Danje ki gen rapò ak Penti abaz plon yo: Kisa Pwopriyetè yo Dwe Fè epi Kisa Chak Lokatè Dwe Konnen". Mwen konprann epi mwen dakò pou mwen respekte egzijans Lwa Lokal nimewo 1 ane 2004 la nan mezi li aplikab pou Inite a.

(Vire paj la)

Egzijans Pwopriyetè yo (swit)

4. Mwen deklare bagay sa yo:

- a) Mwen gen otorite legal pou mwen lwe Inite a pandan peryòd kontra lwaye a bay garanti a.
- b) Pandan Kontra sa a anplas, pa gen okenn kontra pou vann, pou asiye oswa sinon pou transfere dwa pwopriyete kote Inite a ye an epi mwen pa gen okenn konesans ke ta gen yon kèlkonk transfè pwopriyete k ap fèt.
- c) Pri lwaye mwen mande nan kontra lwaye a egal oswa pi piti ak lwaye legal la, si gen youn, pou Inite a ki fikse selon lwa oswa règleman federal, Eta, oswa lokal yo.
- d) Itilizasyon Inite a ak/oswa kalite okipasyon Inite a annakò avèk lwa, règ ak règleman jiridiksyon kote Inite a sitiye, epi si jiridiksyon an egzije sa, gen yon sètifika okipasyon, oswa yon sètifika abitabilite, oswa lòt dokiman ekivalan ki konfòm ak Itilizasyon Inite a ak/oswa kalite okipasyon Inite a.

5. Mwen konprann ankourajman finansye DSS yo pa pral disponib pou lokasyon Inite kote ansyen lokatè a te resevwa SOTA, oswa, si Inite a sitiye nan Vil New York la, kote ansyen lokatè a te resevwa FHEPS, CityFHEPS oswa nenpòt lòt pwogram èd ak lwaye ki nan Vil New York la, sof si mwen kapab pwouve mwen gen yon motif valab pou yo pa renouvle ansyen lokatè a.

6. Mwen konprann si yo pa antreteni Inite a kòm sadwa nan konfòmite ak egzijans gouvènman lokal yo, yo ka kenbe lwaye chak mwa a toutotan yo pa rezoud pwoblèm yo epi peye yo nan tribinal la selon lwa ki aplikab nan koneksyon ak nenpòt aksyon oswa pwosè lokatè a kòmanse. Si yo rezoud pwoblèm yo pandan lokatè a ap viv nan kay la, y ap distribye nenpòt lajan DSS te kenbe oswa ajan ki kouvri lwaye a pou mwa kote lokatè a t ap viv nan inite a lè yo mande pou pataje peman yo kenbe yo, ak sipò nenpòt dokiman ki apwopriye.

7. Mwen konprann si mwen pa respekte nenpòt nan egzijans yo deklare anwo a mwen kapab pa kalifye ankò pou mwen patisipe nan pwogram SOTA a alavni, si l ap fèt New York, ak lòt pwogram èd ak lwaye nan Vil New York yo. DSS kapab chèche itilize nenpòt lòt solisyon legal ki disponib yo tou epi, nan sikonstans ki apwopriye, li kapab dirije kliyan yo al jwenn sèvis jiridik.

8. Mwen konprann mèt inite a pa kapab mari oswa madanm, patnè domestik, paran, pitit, bòpè, pitit pitit, granparan, fanmi madanm oswa mari li, sè, frè, bofrè, oswa bèlsè nenpòt moun nan nan kay la.

(Vire Paj la)

Egzijans Pwopriyetè yo (swit)

Mwen te li Kontra ki anwo a ak anpil atansyon epi mwen konprann ak aksepte tout kondisyon yo deklare anwo a.

Si enfòmasyon ou bay la pa vrè ak egzat, gen sanksyon yo konsidere antanke yon Enfraksyon Minè Klas A selon Kòd Penal § 175.30 (bay manti nan yon biwo piblik oswa devan yon fonksyonè leta).

Siyati Otorize Pwopriyetè a

Dat la

Ekri Non an ak Tit la an Lèt Detache

STATE OF)

) ss.:

COUNTY OF)

On the _____ day of _____ in the year _____ before me, the undersigned, a Notary Public or Commissioner of Deeds in and for said State, personally appeared _____, personally known to me or proved to me on the basis of satisfactory evidence to be the individual(s) whose name(s) is (are) subscribed to the within instrument and acknowledged to me that he/she/they executed the same in his/her/their capacity(ies), and that by his/her/their signature(s) on the instrument, the individual(s), or the person on behalf of which the individual(s) acted, executed the instrument.

Notary Public or Commissioner of Deeds